



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 44.4 MILYON DOLA NAN ASISTANS POU FANMI KI NAN DIFIKILTE KI GEN TIMOUN YO

***Fon Asistans Ijans pou Pandemi an pral sipòte plis pase 218,300 timoun ak depans pou rantre lekòl la; asistans nitrisyonèl pou tibebe***

***Fwaye ki enskri nan Asistans Piblik pral resevwa yon peman inik ki se 214 dola pou chak timoun ki gen ant 3 ak 17 ane; 150 dola pou timoun ki poko gen 3 zan***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse distribisyon 44.4 milyon dola nan finansman federal pou pandemi pou ede Nouyòkè avèk timoun ki gen difikilte yo pou yo kouvri depans pou rantre lekòl la ak depans nitrisyonèl pou timoun piti. Administrè pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a, Fon Asistans Ijans pou Pandemi (Pandemic Emergency Assistance Fund) pral bay Nouyòkè ki gen Asistans Piblik (Public Assistance, PA) yo yon peman inik ki se 214 dola pou chak timoun ki gen laj 3 a 17 ane ak 150 dola pou chak timoun ki poko gen 3 zan nan fwaye pa yo.

"Fanmi New York k ap travay di yo toujou santi efè ekonomik pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan Nouyòkè yo ap prepare pou voye pitit yo tounen lekòl otòn sa a, peman inik sa yo pral ede fanmi ki gen difikilte yo atravè eta a peye pou founiti edikasyon ak lòt depans nan kay la ki otreman ka reprezante yon fado sou bidjè kay pa yo. Sa a se yon lòt etap ankò ke n ap franchi pou ede diminye pri lavi pou fanmi k ap travay di yo ki pi frape pa pandemi an."

Apati 12 out, OTDA pral bay yon peman inik ki se 214 dola pou moun k ap resevwa Asistans Piblik ki gen yon timoun ki gen ant 3 ak 17 ane. An total, ajans lan pral distribye apeprè 39.3 milyon dola, ki pral bay benefis pou apeprè 184,000 timoun.

An menm tan, OTDA pral distribye 150 dola bay fanmi Asistans Piblik yo pou chak timoun ki gen 3 zan oswa pi piti pou ede yo ak depans nitrisyon pou tibebe yo. Ajans la prevwa distribye 5.1 milyon dola bay apeprè 34,300 timoun ki elijib.

Fon Asistans Ijans pou Pandemi an te kreye nan kad Lwa sou Plan Sekou Ameriken 2021 an avèk entansyon pou ede fanmi ki nan nesite yo ke pandemi COVID-19 la afekte. Dapre direktiv federal yo, finansman an dwe itilize pou bay avantaj ki pa regilye

pou fanmi ki afekte ki gen timoun yo pou yo fè fas ak sitiyasyon oswa nesesite akoutèm espesifik.

Asistans Piblik la bay sibvansyon mansyèl pou ede moun ak fanmi ki gen revni ba yo satisfè bezwen debaz tankou lojman. Pwogram sa ede apeprè 500,000 Nouyòkè ki ka tanporèman nan chomaj oswa pa kapab travay, epitou travayè ki gen salè trè ba yo, ak timoun yo.

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Pou fanmi yo ki deja gen difikilte pou debowouye yo, pri materyèl edikasyon ak lòt acha ki gen rapò ak lekòl yo ka kreye gwo estrès finansye pou fanmi k ap voye pitit yo tounen lekòl nan sezon otòn lan. Peman yon sèl fwa sa yo pral ede kouvri depans sa yo pou Piblik. Asistans fanmi yo nan yon moman kote anpil nan yo toujou ap fè fas ak efè ekonomik negatif pandemi an."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Nou te wè ak peman Kredi Taks pou Timoun avanse a, diferans enpòtan resous adisyonèl yo ka vle di pou fanmi ki gen difikilte yo. Lidèchip Gouvènè Hochul nan distribye finansman federal sa a dirèkteman bay fanmi ki pi bezwen li yo pral ede mete manje nan bwat, founiti nan valiz, ak rad ak soulye pou elèv yo pandan y ap kòmanse nouvo ane lekòl la."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Li pi enpòtan pase anvan pou nou sipòte fanmi New York k ap lite pou yo rankontre defi chak jou yo -- sitou pandan kominote yo ap kontinye rekipere apre pandemi an epi pandan timoun ak fanmi yo ap kòmanse nouvèl ane lekòl la. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li te asiye finansman anplis pou pandemi nan Kongrè a, ke mwen te ede avanse, pou sipòte kèk nan rezidan ki pi vilnerab atravè distri mwen an. Peman adisyonèl sa yo pral sipòte fanmi yo atravè eta nou an nan ede kouvri depans chak mwa yo epi asire ke timoun nou yo prepare pou ane lekòl k ap vini an."

Fon Asistans Ijans pou Pandemi an deja ede plizyè santèn milye Nouyòkè ki gen revni ba avèk bezwen esansyèl pa yo. An fevriye, OTDA te pwofite apeprè 19 milyon dola nan fon an pou bay fanmi ki enskri nan Asistans Piblik oswa Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè a 140 dola pou chak timoun ki gen laj 3 zan oswa mwens pou peye kòb kouchèt yo.

An avril, fon an te bay 730 dola nan avantaj manje pou plis pase 28,000 fanmi multi-jenerasyonèl, Peman inik sa yo te ede anviwon 31,500 adilt ki gen plis pase 55 ane, sa ki bay anviwon 21.3 milyon dola pou fanmi yo nan tout eta a.

An me, fanmi ki nan Asistans Piblik ki gen yon timoun 17 ane oswa pi piti nan kay yo te resevwa yon peman 250 dola nan fon an pou ede peye pou depans lojman, bòdwo, ak lòt bezwen enpòtan. Apeprè 110,000 kay te resevwa peman ki totalize plis pase 27 milyon dola, ki te ede plis pase 216,000 timoun.

OTDA te travay tou ak Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) eta a pou bay asistans finansyè atravè fon an pou sipòte sivivan vyolans domestik ki pa gen revni fèb yo. Kòm rezilta efò sa a, ajans la te kapab bay 12.5 milyon dola pou ede sivivan vyolans domestik yo ak fanmi yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)